

Kijan Sèvis nan Kay ak nan Kominote (HCBS) ede timoun/jèn yo ak fanmi/gadyen yo?

HCBS pou Timoun:

- Yo bay li kote timoun/jèn yo ak fanmi yo pi alèz — lakay yo oswa nan kominote a
- Soutni timoun yo ak jèn yo pandan y ap travay pou rive atenn objektif ak reyalizasyon yo
- Ede timoun yo ak jèn yo jwenn siksè lakay yo, nan lekòl, ak nan lòt anviwònman
- Ofri sèvis ki pèsonel ak fleksib pou reponn a bezwen chak timoun/jèn sou plan sante, sante mantal, tretman pou abi dwòg ak/oswa bezwen sou plan devlopmantral



Kimoun ki ka benefisye HCBS pou Timoun lan?

HCBS pou Timoun se pou timoun ak jèn:

- 1) ki bezwen swen anplis nan kay/nan kominote
- 2) ki vle evite ale nan lopital oswa nan yon etablisman pou anpil tan
- 3) ke yo jwenn ki kalifye pou HCBS*
- 4) ki enskri oswa ki kalifye pou enskri nan Medicaid. Remak: Sèten timoun gendwa kalifye pou Medicaid si yo kalifye pou HCBS.

Kijan yon moun ka benefisye de HCBS pou Timoun yo?

Timoun/Jèn yo ak fanmi yo/responsab timoun yo ka pale ak yon **responsab swen Mezon Sante****, oswa yo ka rele Sèvis pou Evalyasyon Timoun ak Jèn yo nan 1-833-333-2937 pou konnen kijan yon timoun/jèn ka benefisye HCBS pou Timoun yo.

**Kisa Jesyon Swen nan Mezon Sante ye?

Yon Mezon Sante se pa yon kote, li se yon moun ki ka ede w jwenn sèvis ki bon pou oumenm ak fanmi ou. Responsab Swen Mezon Sante yo travay ansanm ann ekip avèk timoun/jèn yo ak fanmi yo ak founisè sèvis yo pou asire ke yo resewva swen ak sèvis yo bezwen pou yo rete an sante.

Tout Timoun ki kalifye pou HCBS yo ka resewva sèvis jesyon swen nan pwogram jesyon swen Mezon Sante. Timoun/Jèn ki pa enskri nan yon pwogram jesyon swen Mezon Sante ka rele nan 518-473-5569 oswa voye yon imèl bay hhsc@health.ny.gov pou jwenn plis enfòmasyon ak/oswa pou enskri.

**Enskripsyon nan HCBS egzijè patisipasyon nan egzansyon 1915c pou Timoun.*



MEDICAID NYS POU TIMOUN

Sèvis nan Kay ak nan Kominote (HCBS)

Enfòmasyon pou Timoun/Jèn ak Fanmi



Biwo Sante Mantal

Depatman Sante

Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Sibstans

Biwo pou Moun ak Andikap Devlopmantral

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi



Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sèvis nan Kay ak nan Kominote pou Timoun (HCBS), kontakte founisè swen sante ou, responsab swen Mezon Sante ou, Plan Swen Kontwòl Medicaid, SPOA Konte a, oswa Sèvis Evalyasyon Timoun ak Jèn.

Sèvis nan Kay ak nan Kominote pou Timoun



Adaptasyon nan Kominote

Jwenn èd pou aprantisaj sosyal ak konpetans pou lavi toulejou ak travay anrapò ak sante

- Pa egzanp: Aprann fè kwizin ak manje nan fason ki bon pou sante yo; patisipe nan aktivite kominotè; kominike avèk efikasite; vin endepandan, epi fè chwa apre ou resevwa enfòmasyon

Adaptasyon Lajounen

Jwenn èd nan yon ajans pou aprantisaj sosyal ak konpetans pou lavi chak jou

- Pa egzanp: Konstwi relasyon; patisipe nan aktivite kominotè; vin endepandan, epi fè chwa apre ou resevwa enfòmasyon

Sèvis defans ak sipò pou Moun ki responsab yo ak Fanmi yo

- Responsab timoun ak fanmi yo ka resevwa fòmasyon ak edikasyon pou yo fè chwa apre yo resevwa enfòmasyon avèk konpetans pou timoun ki gen bezwen devlopmantral, medikal, sante mantal, ak/oswa abi sibstans
- Kenbe ak ranfòse endepandans timoun yo ak jèn yo nan kominote a
- Jwenn resous ak sèvis ki disponib ki reponn a bezwen timoun/jèn yo ak fanmi yo

Sèvis Prepwofesyonèl

Jèn ki gen laj 14 lane oswa plis ka aprann konpetans pou ede yo prepare pou travay ki peye, oswa pou travay volontè ki koresponn ak sa ki enterese yo

- Konpetans sa yo gen ladan l: Kominike ak sipèvizè yo, kòlèg, ak kliyan yo, rezoud pwoblèm nan espas travay la, planifikasyon karyè; ak sekirite nan espas travay la.

Sipò pou Travay

- Jèn ki gen 14 lane oswa plis ki pare pou yon travay ka jwenn èd pou yo rete nan yon travay fiks ki peye salè
- Jwenn sipò kontini pandan y ap pran yon travay ak pandan y ap travay

Sèvis yo kapab gen ladan, men se pa sèlman:

- Èd pou jwenn yon travay ki koresponn ak konpetans ou ak sa ki enterese ou; ankadreman pou travay; sipò avantaj; èd pou avanse nan karyè ou; ak lòt sèvis sipò nan espas travay

Sèvis Relèv (Relèv Planifye ak Relèv nan ka Kriz)

- Yo ka bay li nan kay, nan kominote a, oswa nan yon lòt kote ki admisib
- Sèvis relèv planifye yo founi soulajman pou yon tan kout pou fanmi/moun k ap bay swen yo, epi yo soutni objektif timoun nan pou sante mantal, abi sibstans ak/oswa swen sante yo
- Relèv nan ka Kriz se soulajman pou yon tan kout pou yon evènman kriz sou plan sante mantal, abi sibstans ak/oswa swen sante ki ta mande yon nivo swen ki pi wo pou timoun lan si pa te gen sipò sa a

Swen Palyatif

Timoun ak jèn ki gen maladi kwonik oswa ki mete lavi yo an danje ka jwenn sèvis sa yo:

- Terapi Masaj pou amelyore ak soulaje sentòm fizik yo
- Terapi atistik, mizikoterapi, ak terapi avèk jwèt pou ede yo konprann ak eksprime emosyon yo pi byen
- Jesyon doule ak sentòm pou soulaje ak/oswa kontwole soufrans
- Sèvis Konsèy ak Sipò pou ede timoun/jèn yo ak fanmi yo siviv dèy ki gen pou wè ak maladi kwonik oswa ki mete lavi an danje.

Modifikasyon nan Anviwònman

Chanjman nan kay yon timoun oswa yon jèn pou ede reponn a bezwen sante li

Modifikasyon nan Machin

Chanjman nan machin yon timoun oswa yon jèn pou ede reponn a bezwen sante li

Teknoloji Adaptatif ak Asistif

Èd teknolojik oswa lòt aparèy ki nesèsè pou amelyore sante, byennèt ak sekirite timoun yo/jèn yo

Transpò ki pa medikal

Transpò pou ale nan sèvis oswa aktivite ki soutni objektif yo

